

Lis Preparasyon pou Pann Kouran Elektrik

Yon pann kouran elektrik rive lè alimantasyon elektrik koupe. Kit li planifye oswa sanzatanni, li ka dire plizyè jou oswa pi lontan, afekte kominikasyon, dlo, transpò, magazen, bank, ak lòt sèvis kominotè. Sa vle di kay ou ka san kouran pou jere bezwen chak jou tankou ekleraj, chofaj, klimatizè, manje ak medikaman nan frijidè, preparasyon manje, kominikasyon, ak ekipman medikal. Planifye depi kounya pou konnen kisa ou bezwen epi koman pou w pwoteje w.

Avan



Kreye yon Rezo Sipò: Idantifye moun ki ka ede w rete lakay ou oswa evakye pandan yon pann kouran pwolonje. Kenbe yon kopi papye lis kontak ou yo paske lis telefòn ou ka pa disponib.



Rete Konekte ak Vijilan: Itilize aparèy kominikasyon ki travay san kouran, tankou yon radyo ak manivèl oswa batri, yon telefòn ki pa san fil, ak chajè pòtab/pak batri pou telefòn selilè ou yo. Enskri pou resevwa sistèm alèt ak apps pou tèks alèt.



Sere Manje ak Dlo: Kenbe manje ki pap gate epi dlo pou de semèn pou pi piti. Planifye pou sèvi ak glasyè ak glas pou kenbe manje nan refrijere epi sèvi ak yon tèmomèt pou w konnen lè pou jete manje ki depase yon chalè 40 degre F.



Konnen epi fè plan pou bezwen Elektrik Pèsonèl ak Medikal ou: Fè yon envantè de bezwen elektrik ou yo. Konsidere alafwa bakòp ak altènativ manyèl/san kouran pou nesosite tankou ekleraj, kominikasyon, aparèy medikal, medikaman nan frijidè, kwit manje, pòt garaj, kadna ak pòt elektwonik, asansè.



Planifye pou Chofaj oswa Klimatizasyon Lakay ou: Sèvi ak metòd tankou mete sil toutotou fenèt pou izole kay la. Si fè anpil chalè oswa anpil freddi, ou ka bezwen ale nan yon kote ki gen èkondisyon oswa chofaj. Pa janm sèvi ak yon dèlko, recho pou lakou oswa aparèy chofaj andedan kay la.



Gen Batri Bakòp ak Dèlko: Sere pil ekstra pou bagay òdinè (flach, radyo) ak ekipman medikal (aparèy pou ede ou tankou aparèy pou tandè). Si ou itilize ekipman medikal ki mache ak elektrisite oswa w ap pran medikaman ki konsève nan frijidè, diskite sou yon plan kounye a ak founisè swen prensipal ou oswa founisè aparèy medikal ou.



Enstale Alam Lafimen ak Alam Monoksid Kabòn: Enstale alam ak sipò batri nan chak etaj, andedan ak deyò zòn dòmi yo. Fè tès chak mwa. Asire ou gen yon detektè monoksid kabòn sou chak nivo nan kay la.



Planifye pou Proteksyon Kont Shot Elektrik: Asire ou gen pwoteksyon kont kouran shot pou aparèy elektwonik epi yon elektrisyen kalifye enstale switch transfè si ou itilize yon dèlko.



Planifye Kijan pou Deside Rete oubyen Ale: Si ou gen bezwen tankou chofaj ak klimatizasyon kay oswa aparèy medikal ki bezwen kouran, planifye kijan ak ki lè ou pral evakye san danje pou satisfè bezwen ou yo. Kenbe tank gaz machin ou omwen mwaye plen paske estasyon gaz mache ak elektrisite

Pandan

Siveye Alèt: Tcheke rapò meteyo lokal yo ak nenpòt anons nan telefòn, televizyon, oswa radyo. Responsab sèvis piblik ka vini lakay ou pou alète w sou yon pane kouran planifye. Si genyen, enskri pou resewa alèt lokal ak sistèm avètisman kap enfòmè pa mwayen yon apèl oswa tèks nan telefòn ou.

Kontakte Rezo Sipò ou: Fè moun ki nan rezo ou konnen ou OK, tyeke pou wè si yo OK, epi di youn lòt si ou bezwen èd.

Kenbe Manje nan Frijidè epi Si ou Doute, Jete yo: Manje manje fre ou ki ka gate anvan. Evite louvri frijidè ou ak frizè pou konsève tanperati fre yo. Sèvi ak glasyè ak glas si sa nesèsè. Mezire tanperati manje a nan frijidè ak frizè yo ak yon tèmomèt; jete manje ki depase yon chalè 40 degre F.

Anpeche Sichaj Elektrik ak Danje Dife: Deploge aparèy manaje ak elektwonik pou evite twòp chaj oswa kouran sote. Sèvi ak flach, pa bouji. Etenn sèvis yo sèlman si ou sispèk domaj oswa si otorite lokal yo mande pou fè sa. Se sèlman yon pwofesyonèl kalifye ki ka ouvri liy gaz ou an. Si gen kèk disjonktè ki deklanche, kontakte yon elektrisyen pou enspekte yo anvan ou fè yo mache.

Evite Anpwazònman ak Monoksid Kabòn: Pa itilize yon recho gaz pou chofe kay ou epi pa itilize recho lakou anndan kay pou chofaj oubyen pou kwit manje. Si w ap itilize yon dèlko, kenbe li deyò nan yon zòn ki byen ayere lwen fenèt.

Deside si Ou Bezwen Rete oswa Ale: Evakye si kay la twò cho oswa twò frèt, oswa si ou gen aparèy medikal ki bezwen kouran. Anpil fwa kominote ofri sant chofaj oswa klimatizasyon ansanm ak estasyon rechaj elektrik.

Aprè

Rete Lwen Fil Kouran: Rete omwen 35 pye lwen fil kouran k tonbe ak nenpòt bagay ki touche ak yo. Rele 911 pou fè yo konnen.

Evite Chòk Elektrik nan Zòn Inonde: Pa ale nan zòn inonde oswa itilize nenpòt ekipman elektrik oswa elektwonik ki te nwaye anba dlo. Fè yon enspektè elektrik kalifye tyeke sistèm elektrik la.

Pou plis enfòmasyon, vizite redcross.org/prepare